ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№195 (23.103) • 2015 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 8, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьалэлу зэрылажьэм, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ Іэнатіэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырахьалІам папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіыхь тхьылъыр етын

Коротченко Виктор Валентин и къуэм - Прохладнэ къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ и советым и унафэщІым и къуэдзэм;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщыну

Криворучко Ирина Василий и пхъум - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьихьэ Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм финансхэмкІэ и управленэ» муниципальнэ Іэхэугъапіэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м
№150-УГ

2015 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчетым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2015 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчетым хэлъыдэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къеГэлъагъуэ хэхъуэхэмкІэ сом мин 23936739,3-рэ хъу илъэс планыр сом мин 11496678,9-кІэ, е илъэс планым и процент 48-кІэ, абы щыщу федеральнэ бюджетым и дэІэпыкъуныгъэр хэмыту хэхъуэхэмкІэ сом мин 12138680,7-рэ хъу илъэс планыр сом мин 4777124,0-кІэ, е процент 39,4-кІэ, зэрагъэзэщІар. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым хэщІхэмкІэ сом мин 30575919,5-рэ хъу и илъэс планыр сом мин 13475124,6-кІэ, е процент 44,1-кІэ, ягъэзэщІащ икІи абы иткІэ отчет лъэхъэнэм бюджетым хуримыкъуар сом мин 1978445,8-рэ мэхъу.

А псоми янкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

2015 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зэрагъэзэщІам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчетыр къэзылытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм фокІадэм и 30-м
№324-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ГТО-м хуэхьэзырщ

«Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) спорт зэхьэзэхуэхэр къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ Урысей Федерацэм закон къыщащІащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ спортымкІэ и министр Хъущт Аслъанбэч къызэрыджиІамкІэ, ГТО-р къызэрырагъэжьэжар сабэп хуэхъунущ ди къэралым щыпсэуэхэм къаркІэ я зэфІэкІыр нэгъэсауэ къэхутэным. Абы и дамыгъэхэр зиІэхэми пщІэ лей хуащІынущ.

«Илъэсым щигъауэ дытолажьэ ГТО-р республикэм щедгъэжьэжьным. КъызэгъэпэщакІуэ комитет зэхуэтшэсащ, ди лэжьыгъэм и план зэхэдгъэуващ. ГТО-мкІэ апэ урысейпсо фестивалым Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэм хъарзынэу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Абы ипкъ иткІэ ди командэм хэтахэм ящыщу тІум ГТО-м и дыщэ дамыгъэхэр кратащ. Дыжьын, жэз дамыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкІэ и министрым и унафэкІэ къыхуагъэфащэ, дыщэр зытыр УФ-м СпортымкІэ и министерствэрщ», - къихигъэщащ Хъущтым.

МЭЗКУУ Къанщобий.

● Щіыуэпсымкіэ дерсхэр

Ди зэхуэдэ гугъуехьхэр

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и жэрдэмкІэ илъэс зыбжанэ хъуауэ жэпуэгъуэм и 1-м курыт еджапІэхэм щокІуэкІ щІыуэпсым теухуа дерсхэр.

АБЫКІЭ я мурадыр щІэблэр дыкъэзыуэхьуреихь дунейр къабзэу щытыныкІэ жуэап яхьу, кІэрыкубжьэрыкуэр икІутыпІэ гъэбелджылам яшэу егъэсэныр. Дерсыр Іыхьэ зыбжанэу ебгъэкІуэкІ хъунущ: сабийхэм Іуэхур зытеухуар къагурыбгъаІуэу, удэхэр, жыгхэр хебгъасэу, щІыпІэхэр бгъэкъабзэу, щІыуэпсымкІэ зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэр ебгъэкІуэкІыу.

Налшык дэт курыт еджапІэ №29-м зы сыхьэт щыхухахащ мы Іуэхум. Ар щекІуэкІар 8-нэ классырыр. ХьэщІэу къахуеблэгъахэт КБР-м щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр Газаев Мухьтар, Парламентым Мэкъумэш политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпныныгъэ щІы ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІ Мокаев Кемал, хабзэгъэув Іэнатіэм законыр гъэзэщІэныжмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Кривко Михаил сымэ.

Дерсыр ирагъэкІуэкІащ биологиемкІэ еГэджакІуэхэу Уэркъуасэ Еленэрэ Алёхинэ Маринэрэ. ЯгъэхьэзыраГъэлъэгъуэныгъэм нэмыщІ, абыхэм еджакІуэ цІыкІуэхэр щагъэгъуэзащ щІыуэпс уфІеяр цІыхум дежкІэ зэрыщыныгъуэм, дызыхуэмеиж хьэпшыпхэм ещІапхъэм, зэрызэхэдзыпхъэм.

ИужькІэ класс къэскІэ цІыху щырыщ утыкум къарагъэблагъэри дыкъэзыуэхуреихь дунейр нэхъ къабзэ щІынымкІэ, абы дыкІэлъыплъа зэрыхъунумкІэ я Іуэху еплъыкІэхэр жраГъэІащ. ХьэщІэхэм нэхъ ягу ирихьащ пхъэнкІийр зэхэдзыныр, ар цІыхухэр щыпсэу щІыпІэхэм пэжыжьэу щракІутыныр, жыгхэр, удэхэр нэхъыбэу хэсэныр, хьэпшып дызыхуэмеижхэм щелэжь заводхэр ухуэныр дызыгъэпІейтей Іуэхум и хэкІыпІэу къызэрагъэлъэгъуар.

НыжьыщІэ цІыкІухэм я псалъэм къыхагъэщащ щІыуэпсыр хъумэныр псоми да зэхуэдэ Іуэхуу зэрыщытыр, дызэдэлажьэмэ, ди дунейри къабзэу, нэхуу зэрыщытынур.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Бахъсэн щІыналъэ

ЕтІуанэ хэгъуэм и гуащІэгъуэщ

Бахъсэн щІыналъэм и хозяйствэхэм еужьэрэкІыу нартыхур щыІуахьж. КІэртІофыр къыщатІыж. Тектарым ику иту нарт гъавзу центнер 53-рэ къытокІ, хозяйствэ щхьэхуэхэм ар центнер 70-м щынос. Псори зэхэту гектар мин 25-м нэблагъэм ар къыщрахьэлІэжьынущ.

ГЪАВЭГЪЭКІХЭМ зэрыжаІэмкІэ, егугъуу зэрызэрахьам, щІыпІэм нэхъыфІу ёзэгъ жылапхъэхэр зэрыхасам бэвагъ хъарзынэ къариташ. Ауэ хуабащэуэр зэрекІуэкІар кІэртІофым зэран хуэхъуащ. Ику иту гектарым къыщІэкІыр центнери 158-рэщ. КъэтІыжьигъуэм и кІэм а бжыгъэр центнери 180-м нэсыну щогугъ.

ЧЫЛАР Аринэ.

Дуней псом и къэфакІуэхэм Налшык зыкъыщагъэлъагъуэ

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым гуфІэгъуэ щытыкІэм иту къыщызэІуахащ «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» V дунейпсо І уэрыІуатэ фестивалыр. Абы хэтщ Бангладешым, Тыркум, Белоруссием, Ганэм, Индием, Италием къикІа къэфакІуэ гупхэр.

ДУНЕЙ псом щыщ къэфакІуэхэм я зэхьхьэр езыгъэкІуэкІхэм пшыхьым кърихьэлІахэм адыгэбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ фІэхъус гуапэ ирахащ икІи къыхагъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ зэныбжьхьэгъуэгъэм, къафэм, гуапагъэм, гуфІэгъуэм я махуэшхуэ зэрыщекІуэкІыр.

Хабзэ зэрыхъуауэ, фестивалым хэт къэфакІуэ гупхэр хьэтиякІуэм утыкум чэзуэу къришъуэрэ къызэхуэсахэм ирагъэщІыхуащ. Ялъу сценэм ирагъэблагъащ Бангладешым и Даккэ къалэм ГъуэзджэхмкІэ и академием и Іуэрыіуатэ ансамблыр (художественнэ унафэщІыр Хасан Арифщ). КъыкІэлъыкІуэу утыку хихьащ Белоруссием и «Татьянка-веснянка» Іуэрыіуатэ гупыр (художественнэ унафэщІыр Рыжкова Ларисэщ), Ганэ щІыналъэм и «Дэнс Африка Пэдди Теттей Фаундэйшн» Іуэрыіуатэ ансамблыр (художественнэ унафэщІыр Абрахам Пэдди Теттейщ), Индием и «РИФАК» къэфакІуэ гупыр (художественнэ унафэщІыр Джагдип Сингхщ), Италием и «Зампагнаро Лагаро» Іуэрыіуатэ ансамблыр (художественнэ унафэщІыр Аттилио Гасперотти щ), Тыркум и Бурсэ къалэм и Іуэрыіуатэ ансамблыр (художественнэ унафэщІыр Юксел Сейланщ). Гупхэр щІыналъэ, дунейпсо щэнхабзэ фестивалэм куэдрэ зэрыхэтар, зыбжанэрэ пашэ зэрыщыхъуар, щыпсэу щІыналъэхэм я къафэ гъуэзджэм хэлъхьэфІыгъэ зэрыхуащІыр, щэнхабзэм зэрызрагъэужьыр къыхагъэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэфакІуэ гупхэм фестивалым зыкъыщагъэлъэгъуащ. Ахэр «Балкария» Іуэрыіуатэ-этнографие къэрал ансамблыщ (художественнэ унафэщІыр Кудаев Хьэсэнщ), «Тэрч къэзакъэр» ансамблыр (художественнэ унафэщІыр Бочаровэ Галинэщ), «Вагъуэ шырхэр» (художественнэ унафэщІыр Къурашэ Эдуардщ), «Нал цІыкІу» (художественнэ унафэщІыр Куэшей Аликщ) щІыхубэ ансамблхэрщ. КъэфакІуэхэм фІыщІэ хуащІащ щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуащІым, «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» V дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалыр зэрагъэдахэм папщІэ.

(Кэухыр 2-нэ нап.)

Кхъухьхэри йоуэ

Каспий флотилием и кхъухьилл бэрэжьейм и пщэдджыжьым дамэ зытет ракетэ 26-кІэ яхэуащ «Ислъам къэралым» и боевикхэм. Ар зыхъумэжьыныгъэмкІэ министр Шойгу Сергей жриІащ Урысейм и Президент Путин Владимир.

Шойгу и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, ракетэхэр техуащ зытрагъэпса псоми. ЦІыху мамырхэм ящыщу зыри хэкІуэдакъым.

Апхуэдэу министрым жиІащ къэралитІым я гъунапкъэхэм япыщІа Іуэхухэр зэфІахын мурадкІэ Урысеймрэ Тыркумрэ я дзэ къулыкъущІэхэр зэрызэпсалъэр.

Я мурадхэр зэрызэтемыхуэм къыхэкІыу

«НАТО-мрэ США-мрэ Сирием теухуа тІасхъэщІэх хъыбархэр УФ-м къыІэрагъэхьэнукъым, Москва президент Асад Башар диІыгъыху», - жиІащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я лІыкІуэу альянсым зэпымыуэ щыІэ Льют Дуглас.

«Дэ ди кІэух мурадхэр зэтедгъэхуэхукІэ абыхэм тІасхъэщІэх хъыбархэр яІэрыдгъэхьэнукъым», - аплхуэдэ жэуап абы иритащ журналистхэм ящыщ зым и упщІэм. Ди зэхуэдэ сэбэп хэлъщ «Ислъам къэралым» дытекІуэну, ауэ Асад Башар егъэщІылІа Іуэхухэм дызэрыбгъэдыхьэр зэтехуэрэхьым икІи дозыльагъу Урысеймрэ ІэщІакІэ ЗэщІэуэзда и Къарухэр абы зэрыдэІэпыкъур».

Іэмал щыІэмэ...

2016 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм кърикІуахэм тещІыхьауэ УФ-м и властхэр хэплъэн хуейщ пенсэхэр етІуанэ индексацэ щыІэ Іэмалыр зыхуэдэм. «Ар щытхуэзфІэкІынур экономикэм зэхъуэкІыныгъэфІхэр къыщыхъумэщ», - жиІащ УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий.

«Бюджетыр гугъущ. Минфиным зыкъытхуигъэзащ пенсэхэр индексацэ мащІэ тщІыну къыхилъхьэу - проценти 4-кІэ. Ауэ дэ дыхуейт экономикэ Іэмалхэр диІэмэ, индексацэ нэс едгъэкІуэкІыну», - къыхигъэщащ Медведевым «Урысей закъуэт» партым и унафэщІхэм щепсалъэм.



Жэпуэгъуэм и 8-м, *махуэку*

♦Нэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦1860 гъэм къызэІуахащ Бахъсэн щІыхубэ судыр.

♦1928 гъэм къалъхуащ филологие щІэныгъэхэм я докторэ, АКъУ-м и профессор, Адыгэ Республикэмрэ УФ-мрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Зэхъуэхъу Увжькъуэ**.

♦1936 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор **Умыр Анатолэ**.

♦1939 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграр университетым и профессор **Къагъырмэс Црай**.

Дунейм и щытыкІэнур:

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкІэ, нобэ Налшык уфаэу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 5 - 6 хъунущ.

Жэпуэгъуэм и 9-м, *мэрем*

♦Пощтым и дунейпсо махуэщ

♦1909 гъэм къалъхуащ Тыркум и убых диаспорэм къыхэкІа тхакІуэ икІи журналист, Кавказ зауэм теуха рассказ кІэщІхэр зи Іэдакъэм къыщІэкІа **ЩхьэпІъ Зубейдэ**.

♦1955 гъэм къалъхуащ ухуакІуэ, хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэ, меценат, «ААА» фирмэм (Налшык къалэ) и унафэщІ **Къуршэ Валерэ**.

♦Актрисэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Мысостышхуэ Мариноэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур:

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 12, жэщым градуси 6 - 7 хъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зы хьэщІэм зы хьэщІэ и жагъуэщи, хьэщІитІыр бысымым и жагъуэщ.

● Дыгъуасэ

ІутІыж Борис и пшыхь

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым жэпуэгъуэм и 7-м пшыхь дахэ щызэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, адыгэ драматургием и классик ІутІыж Борис Къуней и къуэр къызэраІуахырэ илъэс 75-рэ зэрырикъум.

ПШЫХЬЫР къызэІуахащ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и художественнэ унафэщІ ЖьакІэмыхьу Кіунэрэ режиссёр Дэбагъуэ Романрэ зэхагъэува, тхакІуэ щэджащэм и ІэдакъэщІэкІхэр утыку къыщрахьэ теплъэгъуэхэмкІэ. Артистхэм яхуэзэфІэкІащ къызэхуэсахэр ІутІыжым и дунейм хагъэплъэжын.

Апхуэдэу зэІущІэм щагъэлъэпІащ Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэ Думэн (Іэдэмей) Акилэ ІутІыж Борис и щІыхькІэ къыхилъхьа Адыгэпсо литературэ щІалэгъуалэ зэпеуэм щытекІуахэр. Абы япэ увыпІэр къыщихьащ КъШР-м хьихьэ Бесленэей къуажэм щыщ **ГъукІэкъул Ириноэ**. ЕтІуанэ увыпІэр хуагъэфэщащ ди республикэм и Къэсейхьэблэ (Бахъсэнёнок) къуажэм щыпсэу **Тажджэ Замир**. Ещанэ хъуащ Щхьэлыкъуэ (КъБР) щыщ **НафІэдз Мухьэмэд**. Зэхьэзэхуэм хэта псори ахъшэ саугъэткІэ ягъэпэжащ.

Пшыхьым кърихьэлІащ ІутІыж Борис и унагъуэр, и благъэ-Іыхьлыхэр, и ныбжьэгъуэр. Зэхьэхьэр ягъэдэхащ республикэм и артист цІэрыІуэхэм.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Я Іуэхутхьэбзэхэм хагъахъуэ

● Банк

Социальнэ къалэн зыгъэзащІэ псапащІэ фондхэмрэ мыкоммерцэ организацэхэмрэ хуэхах ахъшэр зэрызэригъэкІуэм хуэзэр ХъумапІэ банкым дяпэкІэ хигъэкІынукъым. КъищынэмыщІауэ, тыншу ядэлэжьэн щхьэкІэ «ХъумапІэ банк онлайн» интернет-банкым и зыхуэфащэ къудамэхэм, щІыпІэ жыжьэхэм хуэщІа, Іуэхутхьэбзэхэр щызэфІагъэкІыжь Іэмэпсымэхэм ахэр пащІащ. «Автоплатёж» Іэмалри хуиту къагъэсэбэп хъунущ.

- Ди Іуэхутхьэбзэхэм хьдогъахъуэ. Социальнэ къалэн зыгъэзащІэ псапащІэ фондхэмрэ мыкоммерцэ организацэхэмрэ льготэхэр зырахуэтхар абы и зы Іыхьэщ. Псапащ Іэнатіэхэм защІэзыгъакъуэхэм я Іуэхур нэхъ тынш зэрыщІыным, зы сом щхьэщамытыкІыу, хухалъхьэр зэрыщыту зэраІэрыдгъэхьэным дыхущІокъу, - жеІэ ХъумапІэ банкым цІыхухэм ядэлэжьэныммкІэ и департаментым и унафэщІ Павловэ Янэ.

Псапащ Іэ Іуэхур ХъумапІэ банкым гулъытэ хэха зыхуищІхэм ящыщщ. Къапщтэмэ, «ГъащІэ тыгъэ хуэщІ» псапащІэ фондым жыджэру долажьэ, Visa къэрал зэхуаку банк картэр къыдегъэкІ. Ар къагъэсэбэпурэ, сом мелуани 113-м щигъу нэгъабэ фондым хухалъхьащ.

БАГЪЭТЫР Анзор.

Щэнхабзэм и кІыщ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и псалъэ гуапэ.

ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтыр къызэрызэІуахрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур ягъэлъэпІащ.

«УРЫСЕЙ Ипщэм ис лъэпкъхэм я гъуэзджэм зеГъужьыныкъмрэ а Іэнатіхэм щылэжьэну ЦІыхухэр гъэхьэзырыныкъмрэ и мурад нэхъыщхьэу институтыр кІэзэрыунэхурэ къоГуэгурыкІуэ. Мыбы щоджэ Кавказ Ищхъэрэм и мызакъуэу, СНГ-м хыхьэ къэралхэм, Урысейм и адрей щІыналъэхэм къикІ щІалэгъуалэр. ЕджапІэм и япэ лъэбакъуэкэр къэралым и зэман нэхъ хьэпъэхэм техуат, арщхьэкІэ унафэщІхэм ди къарур я фІэщ хъури, ахэр кІэзэрытщыгугъамкІэ дэри къэдгъэщІэхъуакъым. Ди япэ ита нэхъыжьхэм къытхалъхьа жэуапЫныгъэр дэ сыт щыгъуи къарууэ диІащ. Псом япэу ди студентхэм сохъуэхъу махуэшхуэмкІэ, узынщагъэ, къару, гукъыдэж фиІэну си гуапэщ», - жиІащ ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и ректор, профессор Рахаев Анатолэ пшыхьыр къыщызэІуихым. Къызэхуэсахэр ирагъэплъащ институтым щеджэ режиссер ныбжьыщІэхэм траха фильмым. Абы къыщыгъэлъэгъуат еджапІэ нэхъыщхьэм и япэ лъэбакъуэкэр, Іуэхум теухуауэ ректорым игу къиГэкІыжхэр, япэу къыщыгъэкІа и гъэсэнхэр.

Институтыр и ныбжькІэ щІалэмэ, екъулІэныгъэфІхэр зыІэригъэхьащ. Воронеж институтым и къудамэу къыщІидзэри, ар сыт и лъэныкъуэкІи зэгъэпэща, зи щхьэ хущытыкъ еджапІэ хъуащ. Мы зэманым Кавказ Ищхъэрэ псом щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ ІэщагъэлІхэр хуэзыгъэхьэзыр еджапІэ нэхъыщхьэу итыр аращ. Нэхъ иужьрей и екъулІэныгъэхэм ящыщщ ар мы гъэм Санкт-Петербург щекІуэкІа VIII урысейпсо конференцым ипкъ иткІэ ирагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм «Урысейм и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институт, еджапІэ нэхъыщхьэ нэхъыщІэ 100»-м зэрыхэхуар.

Иджыпсту институтым егъэджакІуи 100-м щІигу Іутщ. Абыхэм ящыщ куэдыр УФ-м, Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм гъуэзджэмрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэщ, цІыхубэ артистхэщ, ЩІэныгъэм и профессору, доктору 17, кандидатрэ доценту 47-рэ щолажьэ.

ЦІэ лъапІэ зиІэхэм иджыблагъэ къаэхъуащ. КІуэкІуэ Юрий Іэ зыщІидза апхуэдэ унафэм пшыхьым къырихьэлІаэхэр щигъэгъуэзащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и администрацэм и унафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд. Къыщынэмыщіадзэ ар къеджащ КІуэкІуэ Юрий и хъуэхъу тхыГэм. «ЗэрытщІэщи, ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтыр Урысейм и еджапІэ нэхъыфІхэм ящыщщ. ЕгъэджэнымГъэ и лъэныкъуэкІи, ди щІалэгъуалэр псэ къулей яхэлъ къэрэзтэджымыжи абы и зэфІэкІхэр инщ. ЩЫналъэм и жылагъуэ гъащІэм институтыр зэрыхэтым и фІагъ долъагъу. КъызэрысщыхьумкІэ, еджапІэм и унафэщІэм, егъэджакІуэхэм, студентхэм я къару зэрызэхэлъым институтыр игъэкІ егъэкІуатэ - абы дэ гу лъыдмытэу щытекым. Институтым и ІуэхущІафэхэмкІэ пщІэ лъагэ къилэжьащ икІи си фІэщ мэхъу ар и хабзэ дахэу дяпэкІи щытыну».

ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и махуэшхуэмкІэ абы и ректорымрэ студентхэмрэ екъуэхъуну пшыхьым зыкъырагъэхьэлІащ УФ-м щэнхабзэмкІэ и министрым и дэпкъыкъуэгъу Гришаев Виктор, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и департаментым и консультант Китаевэ Еленэ, 1963 - 1987 гъэхэм КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министру лэжьаЕфэнды Джылахъстэн, КЪБР-м и Парламентым и унафэщІ Егоровэ Татьянэ, КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Емуэ Нинэ, Профсоюзхэм я Федерацэм и Іэтащхьэ Амщокъуэ ФатІимэт, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Берд Хьэзрэталий, ДАХ-м и унафэщІ Сэхъурокъуэ Хьэутий, КИФЩІ-м и республикэхэм щылажьэ ВУЗ-хэм я лІыкІуэхэр, щэнхабзэмкІэ министрхэр, институтым япэу къыщІигъэкІа студентхэр, нэгъуэщІхэри. ХьэщІэхэр институтым и лэжьакІуэхэми студентхэми ехъуэхъуащ я зэфІэкІым дяпэкІи хагъэхъуэну, гъуэзджэр яІэтыну, нэхъыжьыр нэхъыщІэм и щапхъэу сыт щыгъуи щытыну. Апхуэдэуи я щІыхь тхьилъхэмкІэ, цІэ лъапІэхэмкІэ ахэр ягъэпэжащ. Гришаев Виктор къеджащ УФ-м щэнхабзэмкІэ и министр Мединский Владимир и тхыГэм икІи абы къыбГьэдэкІ щІыхь тхьилъыр институтым и ректорымрэ егъэджакІуэхэмрэ яритыжащ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ институтым иджыпсту щеджэхэми, ар нэхъ ипэкІэ къэзыуахэми. ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и профессор Шэрыб Валерэрэ институтыр къэзыуха, егъэджакІуэ нэхъыжь Макаров Муратрэ пшынэ зэдеуащ, и пшыналъэр утыку къырихьащ еджапІэм лъэпкъ макъымэ ІэмэпсымэхэмкІэ и кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыжь Лыджыдэ Алии. КЪБР-м и Музыкэ театрым и артистхэу, ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым зэман зэмылІэужьыгъуэхэм къъзыуха Гуаэз Тимуррэ (КЪБР-м, АР-м щІыхь зиІэ я артистщ) Жабоевэ Замирэрэ итальяныбзэкІэ уэрэд зэдыжаІащ, адыгэ уэрэдыжькІэ и институтым ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Ингушым я цІыхубэ артист Нэхущ Чэрим.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Дуней псом и къэфакІуэхэм Налшык зыкъыщагъэлъагъуэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Битокъу Владимир** фестивалыр къыщызэІуихым жиІащ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм къикІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІ фестивалым хэтыну, зи щэнхабзэ хъугъэфІыгъуэхэр, къафэ гъуэзджэр зыгъэлъэгъуэну къыгъуэбГэгъахэм щыналъэхэм я щэнхабзэ зэпыщІэныгъэр гъэбыдэным, къэралым я къафэ гъуэзджэ, Іуэрыіуатэ гъэтІылъыгъэхэмкІэ зэхъуэжьным хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуащІыр. Апхуэдэу къыхигъэщащ дэтхэнэ пхъпкъми пщІэ хуащІыныкІэ дунейпсо щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр зэрыщІхьэпэр.

- Дуней псом щекІуэкІыну фестивалэр щыізэкагъэувэм «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» ЮНЕСКО-м и щапхъэ зэрыхахъэхьар гуапэ тщІыхьащ. Ар щыхьэт тохъуэ дуней псом и щэнхабзэ тхыпхъэхэр щагъэлъагъуэ мы зэхьэхэм и мыхьэнэр къызэралъытар. ЩІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ къэфакІуэхэр зыхэт фестивалым цІыхухэр зэрыхуэныкъуэр нэрылъагъущ. ДяпэкІи Къэбэрдей-Балъкъэрым мыпхуэдэ зэхьихьэхэм гулъытэ щыхуэтщІынущ. ХьэщІэхэм ди щапІэр, абы щыпсэу цІыхухэр я гуапагъэмкІэ гукъинэж фщыхьун хуэдэу къыщІагъэ зэрыфэтхынум дыхущІэкъунущ, фи программэр щІэщыгъуэу къызэдгъэпэщынущ. Фестивалым хэтхэм - екъулІэныгъэ, гуфІэгъуэ, узынщагъэ, абы къирихьэлІаэхэм - гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ фиІэну сыныбохъуэхъу! - жиІащ Битокъу Владимир къызэхуэсахэм защыхуитаащэм.

Фестивалым и хьэщІэ лъапІэхэр адэкІэ утыкум ирагъэблагъащ. Ахэр ЮНЕСКО-м и деж щыІэ ЦІыхубэ творчествэмкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и Урысей лъэпкъ къудамэм и щІыхь тхылъ Фырэ Руслан хуигъэфэщащ, дунейпсо щэнхабзэ фестивалым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІам папщІэ.

Къумахуэ Мухьэдин жиІащ фестивалыр гъуэгу махуэ техьэну, щІэщыгъуэу екІуэкІыну, хьэщІэхэм ди щІыналъэр гукъинэж ящыхъуну зэригугапэр.

Зэхьэхьэ къыщыгъэсэна Кыласов Алексей къыхигъэщащ фестивалым и программэм етІанэгъэ зэрызрагъэубгъунур, ар нэхъри щІэщыгъуэ зэращынур, дуней псом щызэбгрыдза лъэпкъхэр Іуэрыіуатэм зэкъуигъэувэну зэрыщыгугъуэр.

Удэзыхьэхт, щІэщыгъуэт, гукъинэжт Бангладешым, Тыркум, Белоруссием, Ганэм, Индием, Италием щыщ гупхэм дагъэлъэгъуа къафэкэр. Зи лъэпкъ фащэкІи, теплъэкІи, зыныгъыкІэкІи зэщхьэщыкІ къэфакІуэхэм къызэхуэсахэм дзрэжэгъуэ къаритар къэІуэтэжыгъуейщ. ЗэрытщІэщи, къафэр бзэ хуэныкъуэхъым, ауэ гу зылъытатраращи, лъэпкъым и дуней тетыкІэм, и щэнхабзэм къыгуэхьІпІэ имыІэу епхащ и къафэхэр, и зыхуэпэкІэр. Лъэпкъым я хьэл-щэным, къафэм хэлъ Іэдэбгъым, зыщыІэныгъэм хуэщІат я пщащхэмрэ щауэхэмрэ я фащэхэри. Ди республикэм и къэфакІуэ пажэхэми фестивалыр ягъэбжьыфІащ. Пшыхьыр уджкІэ зэхуащІыжащ.

Фестивалым хэтхэм жэпуэгъуэм и 9-м КЪБР-м и Музыкэ къэрал театрым концерт щатынущ. Абыкіэ зэхьхьэшхуэр зэхуащІыжынущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Фестивалыр зэрырагъэфІэкІуэнум топсэлъыхь

Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм щекІуэкІащ ЮНЕСКО-м и деж щыІэ ЦІыхубэ творчествэмкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и Урысей лъэпкъ къудамэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и зэІущІэ. Ар теухуауэ щытащ «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалыр зэрырагъэфІэкІуэнум.

ЗЭХЬЫХЬЭР иригъэкІуэкІащ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр, «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалым и унафэщІ **Къумахуэ Мухьэдин.**

ЗэІущІэм хэтащ ЮНЕСКО-м и деж щыІэ ЦІыхубэ творчествэмкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и Урысей лъэпкъ къудамэм и Іэхуэзехьэхэу, Урысейм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гурьянов Юрийрэ** УФ-м и цІыхубэ артист, профессор **Максимов Евгенийрэ**, этноспортымкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и президент, Плеханов Геннадий и цІэр зезыхьэ Урысей экономикэ университетым и доцент **Кыласов Алексей**, Урысей Федерацэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт тхакІуэ, публицист **Бегляк Еленэ**, Бангладешым, Белоруссием, Ганэм, Индием, Италием, Тыркум къикІа къэфакІуэ гупхэм я художественнэ унафэщІхэр.

Лъэпкъ библиотекэм и унафэщІ, профессор, КЪБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КЪБР-м и ЩІэныгъэлІхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Емуэ Анатолэ** фестивалым и хьэщІэ лъапІэхэмрэ къэфакІуэ гупхэм я художественнэ унафэщІхэмрэ фІэхъус гуапэ ярихащ, лъэпкъхэм я псэр зыхэль уэрэдым, макъымэм, къафэ гъуэзджэм цІыхухэр зэрызэкъуигъэзэр, ахэр фІым, гуапагъэм зэрыхуигъэушыр жиІащ.

ЗЭхьщІэхэр зэрыщІыхьа нэужь чэзууэ тепсэлъыхьащ я лъэпкъ щэнхабзэ хъугъэфІыгъуэхэм, я къэфакІуэ гупхэм, «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалыр, абы и программэр зэрырагъэфІэкІуэнум. Зэхьхьэр къызэзыгъэпэщащэм къыхагъэщащ дуней псом ис лъэпкъхэм я зэнбжьфэгъэр, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэр ягъэбыдэну зэрыхущІэкъыр, абы хэтхэм я зэщхьэщыкІыныгъэмрэ щхьэхуэныгъэмрэ къаГэлъэгъуэну зэрамурадыр.

Гурьянов Юрий зыубГуауэ къытеувыІащ ЮНЕСКО-м и деж щыІэ ЦІыхубэ творчествэмкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и Урысей лъэпкъ къудамэм и лэжьыгъэм, я кІалэнхэмрэ абыхэм зэрекъулІэмрэ. Апхуэдэуи къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым къытрагъэзэну зэрыхущІэкъунур, щыпІэм и щІыхьэсыр, и зыгъэнсэхуЛІэхэр ягу зэрыригъэхар. Къэпсэлъаэм жаІар къызэщІэкъэжмэ, нэхъыщхьэу къъжагъэщащ лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэр щэнхабзэ зэпыщІэныгъэм зэрыхэтым зэрыщигуфІыкІыр, щыналъэхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэр нэхъри быдэ хъуну, гуфІэгъуэ, зыужьныныгъэ фестивалым къахудэкІуэну зэрагугапэр.

Къумахуэ Мухьэдин жиІащ мы махуэхэм Лъэпкъ музейм лъэпкъ фащэхэм я «Дунейпсо тхыпхъэхэр» махуэшхуэр, декоративно-прикладнэй гъуэзджэм и Іэпщіэлъапщіэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къызэрыщызэрагъэпэщынур. Министрым ЮНЕСКО-м и лІыкІуэ хьэщІэ лъапІэхэмрэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм къикІа къафакІуэ гупхэм я унафэщІхэмрэ фІыщІэ яхуищІащ, къазэрыхуеблэгъам, щэнхабзэ зэхьхьэр зэрагъэдэхам папщІэ.

БЖЬЫХЬЭ Роззэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Профсоюзхэр

Дау Марианнэ аргуэру хахыж

КЪБР-м Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я профсоюз комитетым и V отчет-хэхыныгъэ конференц екІуэкІащ.

ЗЭІУЩІЭМ кърихьэлІащ КЪБР-м и Парламентым и депутат Пащты Борис, Дунейпсо Арткомитетым и Кавказ Ищхъэрэ къудамэм и Іэтащхьэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Бейтыгъуэн Іэуес, КЪБР-м спортымкІэ и министр Хъущт Аслъэнбэч, щэнхабзэ Іэхъущ Іапіэхэм, рескомым и кьалэ, район къудамэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗэІущІэр кьІэзэІуахри, КЪБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и Іэтащхьэ **Амщокъуэ ФатІимэт** псалъэ иритащ рескомым и унафэщІ **Дау Марианнэ**.

2010 - 2015 гъэхэм зэфІагъэкІахэм, профсоюзым хэтхэм я щыІэкІэ-псэукІэм, лэжьыгъэ Іэнатіэм теухуауэ гукъеуэ зиІэхэм я хуитныгъэхэм къыщхьэщыжьныр я кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытари, апхуэдэу къызэрынэжри жиІащ Дау Марианнэ. Абы къыкІэлъыкІуащ къэзыпщытэ комиссэм и докладыр.

Профсоюз комитетымрэ абы и президиумымрэ зрилъэж пІалъэм къриубыдэу къьхэулІахэм, яхуэзфІэмыкІахэм кьытеувыІэри, дяпэкІэ гу нэхъ зыльэтапхъэхэр, 2015 - 2020 гъэхэм кьапэщыт кьалэн нэхъыщхьэхэр зрэзбелджьащ докладым теухуауэ къэпсэлъахэм.

ЗэІущІэм къыщыхагъэщхьэхуІащ цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм, щэнхабзэм, спортым, туризмэм, альпинизмэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьакІуэхэм псэуныгъэкІэ яІэ щэсыпІэхэмрэ льготэхэмрэ ямыгъэмэщІэным хуэгъэза хабзэм и проект зэхэлъхьэным профсоюзхэр нэхъ жьыдэжу хэтын зэрыхуейр.

Республикэ комитетым и гупьытэр нэхъыбэу хуэунэтІауэ щытынущ 2015 - 2020 гъэхэм щІыналъэ профсоюз зэгухьэныгъэр нэхъри лъэ быдэкІэ гъэувэным, профсоюзым и Уставым тету лэжьэным.

Конференцым хэтахэм зэдаэрэзыуэ ЗэІущІэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ комитетым и унафэщІу Дау Марианнэ илъэситху пІалъэкІэ аргуэру хахыжащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЦІыхум и хуитныгъэхэр хъумэным телажьэхэр

Германием щызэхуэзащ

ЦІыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкІэ КЪБР-м и уполномоченнэр 2012 гъэм Омбудсменхэм я европей институтым (ЕОИ) хагъэхьащ. Я Іуэхущіапіэр Австрием щыІэщ. Къапщтэмэ, абы хохьэ цІыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкІэ Европэ къэралхэм я уполномоченнэ псори.

ЕОИ-р зэрылажьэр «ЦІыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкІэ псоми я зэхуэдэ декларацэрщ», «ЦІыхум и хуитныгъэхэмрэ и щхьэхуитныгъэхэмрэ хъумэныкІэ» европей конвенцэрщ, абы и лъэныкъуэкІэ Европэм щызекІуэ нэгъуэщІ дэфтэрхэми къагъуэ мардэхэрщ.

Урысей Федерацэр хуитныгъэмкІэ дунейпсо институтхэм гухьащ, абы кьыхэзІыуи ЕИО-м я лэжьыгъэр ядИыгъщ.

Мы зэманым Урысейм кьыбГэдэкІыу институтым и лэжьыгъэм хэтщ федеральнэ уполномоченнэмрэ УФ-м и щІыналъи 10-м я лІыкІуэхэмрэ. Иужьрейуэ уполномоченнэхэм я зэхуэсыр щекІуэкІар нэмыщэ кьалэ Майнщщ. ЕИО-м и Президент Фольгер Бургирэ генеральнэ секретарь Зигель Йозефрэ Европэм и цІыхухэм я хуитныгъэр хъума зэрыхъум, абы пыщІа гугъуехьэмрэ кьагъэсэбэп Іэмалхэмрэ тепсэлъыхьащ. Ахэр кьытеувыІащ Европэм Іэпхъуэшапхъэ куэд кьыІэриужьгъам пыщІа бэлыхьхэм.

Къыхэгъэщіпхъащ, Урысейр Украинэм и Іуэхум зэрыхэт щІыкІэр зэхъуэкІауэ Къухьэпіэм игъэІу пэтми, Европэм щыпсэуэхэм къаззрыгурыІуэр «Европэр Урысейм къызэрызэрыныкъуэр, Урысейри Европэм зэрыхуэныкъуэращ». Ар пэжщ. Урысейр хэмыхьэу дунейм щекІуэкІ Іуэху инхэм ящыщ зыи пхуэгъэзэкІуэжьнукъым.

Ассамблеем резолюцэ кьищтащ, унафэщІхэр хихащ. Абы хэтщ УФ-м ЦІыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкІэ и уполномоченнэ Памфиловэ Эллэ, Санкт-Петербург щыщ Сунгуров Александр, Свердлов областым щыщ Мерзляковэ Татьянэ сымэ. ЦІыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкІэ Санкт-Петербург и уполномоченнэ Шишлов Александр ЕОИ-м и вице-президент яІащ.

Ассамблеем унафэ кьищтащ ЕИО-м и лэжьыгъэм теухуа тхылъ инджылызыбзэкІэ, урысыбзэкІэ, нэмыцыбзэкІэ кьыдигъэкІащ. Абы ихуэнчэ Зумакулов Борис и кьэпсэлъэныгъэр.

КЪБР-м ЦІыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкІэ и уполномоченнэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Іэщэкіэ зэщІэуэзэда бзаджащІэхэр Налшык къызэрытеуэрэ илъэси 10 ирокъу

Псэуну зыхуэфащэт

Юстицэм и лейтенант нэхъыжь КІэмыргуей Арсен Борис и къуэр Налшык къалэм Къэрал КІуэщІ Іуэхущхкіэ и управленэм и ОВД №1-м и следственнэ къудамэм щылажьэрт. Милицэм хэтт 2001 гъэ лъандэрэ.

ДЗЭЛЫКЪУЭКЪУАЖЭ къыщалъхуа щІалэр и хьэл-щэнкІэ адрейхэм къахэщырт. Сыт хуэдэ кьалэн пщэрылъ щащІами, ар гурэ псэкІэ игъэзащІэрт. Абы и егъэджакІуэу щытахэм нобэми ящыгъупщакьым Арсен гуапэу, хьэлэлу, пэжыр япэ иригъэщу зэрыщытар.

И Іэщіагъэм зэрыхигъэхъуным, зыпэрыт Іэнатіэм нэхъри куууэ щыгъуазэ зэрызэщІыным хэпэбгъэ щІалэм гу къыльамытэу кьэнакьым: зэман кІэщым КІэмыргуей Арсен КЪБР-м щыІэ МВД-м и следственнэ Іуэхущіапіэм тІэунейрэ игъэпэжащ, «МВД-м и следственнэ органхэр илъэс 40 ирокъу» бгъэхэІу дамыгъэр кьыхуагъэфэщащ. А псори псэ хьэлэлкІэ и кьалэн мытынышм зэрыпэртам и щІыхьэтщ.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 15-м зэлэжь уголовнэ Іуэхухэмкіэ тхылъхэр иІыгъыу кьалэ прокуратурэм кІуэну лэжьапІэм къыщІэкІри, ОВД №1-м и автотранспорт гъэувыпІэм деж щыт и ВАЗ-2109 автомашинэм бгъэдыхьащ. А дакьикъэ дыдэм ирихьэлІэу бзаджащІэхэр кьатеуащ. Юстицэм и лейтенант нэхъыжь КІэмыргуей Арсен тебльнэ Іэщэр къищтэну ОВД-м и щІыхьэпІэмкІэ щІэнхъуащ, арщхьэкІэ шэ къытемыхуэн щхьэкІэ лэжьигъэм къыщагъэсэбэп автомашинэхэм ящыщ зым зыкъуимыгъэпщкІуэу хъуакъым. Абы ирихьэлІэу гранатэдзкІэ а автомашинэм кьеуащ Байсултановым и уэрамым тет унэм и кьуагъым кьуэт бзаджащІэр. Машинэр кьэуащ икІи КІэмыргуей Арсен метр зыбжанэкІэ Іуидзащ. Абы иужькІэ щІэпхъащаджащІэхэр автоматкІэ кьеуащ. Апхуэдиз уІэгъэм щІалэр кьеларкьым.

Зи Іэщіагъэм фІыуэ хэзыщыкІ, абы хуэпэж следователым кьыпэплъэрт лэжьыгъэ, кьулыкъу лъагаІэхэр. Арщхьэкіэ а псори напІэзыпІэм къызэпадащ щыхуэзыщІэхэр автоматкІэ къеуащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Экономикэ Политикэ

Махэуку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

НАРЫШКИН Сергей: Урысейр зэгурыІуэныгъэм хущІокъу

● ЗэІущІэхэр

Парламенхэм эдэй форумыр къыщызэІуихым Къэрал Думэм и спикер Нарышкин Сергей дунейпсо зэгухьэныгъэр къыхуриджащ Урысыем гъунэгъу зэрыхуэхъунум хущІэкъуну. Абы Америкэм и Штат Зэгуэтхэр игъэкъуэншащ нобэрей дуней ухуэкІэр къэзыкъутэ гъуэгум зэрытетым щхьэкІэ.

- ТХЫДЭМ куэдрэ кІыхощыж дунейпсо зэхущытыкІэ гуГуэхэм я хъыбар, ауэ иджы хуэдэу егъэлеІуэ зэгурыІуэныгъэм и лъагъэр щыщІахъуми хэтхъым. ИлъэситІым нэблагъэуэ ди пащхьэм лъэпощхьэпо куэд кІрагъэувэ: ар санкцэхэм я закъуэкъым. Абыхэм къагъэсобэп текъуэзныгъэр, гъэшынэныгъэр, къэралхэр зэкъуэудныр, - жиІащ Нарышкиным, Мэзкуу щекІуэкІ дунейпсо зэІущІэм кІыщыпсалъэу.

Парламентарием кІыззрилъытэмкІэ, а Іуэхугъуэхэм Урысейм и пщІэр иридыкІыркъым. Абы щыхьэт тохъуэ мэкъуауэгъуэм Мэзкуу щекІуэкІа БРИКС-м хэтхэм я зэІущІэр. КъекІуэлІахэм кІыхагъэщащ ди къэралым Іуэху напэтеххэр, ахэр парламентархэм я лэжьыгъэм зэран зэрыхуэхъур. Нарышкин Сергей и еплъыкІэр даІыгащ Кореемрэ Украинэмрэ я лІыкІуэхэм. Язныкъуэ Іуэхугъуэхэм арэзы текъуащ ОБСЕ-м и Парламент Ассамблеем и Іэтащхьэ Канервэ Иллкэ. Абы кІыхигъэщащ иджы, зэпэщІэтыныгъэхэм я зэманым, зэпсэльэныгъэхэм я гупсысэ нэхъыщхьэр екІуу кІыхьэхуэ зэрыщытыр. Канервэ, апхуэдэу, къэралхэр кІыхуриджащ зэгурыІуэныгъэмрэ жуэдлыныгъэмрэ. «Абы ущыхуэкІуэфынур щытыкІитІым утетмэщ: политикэ системэ купщІафІэрэ зэфІэкІ лъагэ зиІэ дунейпсо зэгухьэныгъэхэмрэ дыухуэмэщ». - жиІащ Ассамблеем и унафэщІым.

- Дунейпсо зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэм зэхъуэкІыныгъэхэр ящхьэхъэн хуейщ, ахэр пЪэ быдэкІэ увын, я псалъэм тетыжьфын папщІэ. Дэ дызыхуэныкъуэр сэбэпынагъ кІыгъэхъзыхьын дунейпсо зэдзлэжьэныгъэщ. Ар иджыпсту дэхуэхауэ зэрыщытыр нэрылъагъущ. Дунейпсо хуитыныгъэм псом хуэмыдэу иджыпсту дытетын хуейщ. Апхуэдэу щыжыкІэм и щхьэусыгъуэщ Урысей Федерацэм Хельсинки щызэращІылІа зэгурыІуэныгъэр кІыхьэпиуду Кърымыр зэриубыдар - кІыхьгъэщащ Канервэ Иллкэ и къэпсэльэныгъэм.

- Кърымыр щаубыдар 1991 гъэрщ, - жуэап иритыжащ абы Нарышкиным. - 2014 гъэм и гъатхэм а хытІыгу ныкъуэм щыпсэу щІыху мелуанитІым я жэрдэмкІэ, абыхэм щхьэхуит защІыжри, Урысейм кІыхьэжащ.

КОНДРАТЬЕВ Павел, *«Известия»*

ЩІыхуэр зыхуагъэгъухэр

Щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ къыщэрыгуэкІ щІыхуэмрэ куэд щІауэ зыпэплъа хабзэр къыдэкІащ. Жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ Урысей Федерацэм щагъэзащІэ «Банкротствэм и Іуэхуки» законыр.

АРЩХЪЭКІЭ, а Іуэхум еплъыкІэ зэтемыхуэ зыбжанэ иІэщ. ЯзныкъуэхэмкІэ зэрыжаІэмкІэ, законыр финанс щытыкІэ гугъум ихуа щІыху куэдым сэбэп яхуэхъунщ. Адрейхэм къаІуатэ а хабзэм банкэр къызэтрикъутэну, щІыхуэ зытелъхэми щІэгъэкъуэныщхьэ яхуэмыхъуну. Хэт атІэ апхуэдэ законым ифІ зэкІынур? Псори нэгъэсауэ зэпкърыхьпхъэщ.

Банкроту укъалъытэн щхьэкІэ пщІэн хуейр

Псом япэрауэ, къыхэгъащІыхъэщ, абы епха лэжьыгъэхэр къыщыщІэдзэн хуейр щІыхуэ зытелъыр щІэпсэу щІыналъэм и арбитражнэ судрауэ зэрыщытыр. Абы къыдэкІуэу щІыхуэр сом 500 000-м нэхъ мынэхъ мащІэу икІи мазищым щІигъуауэ абы зыри хомыстыкІауэ щытыпхъэщ. Судым и жуэапыр мазищым къриубыдэу къыпІэрегъыхьэ.

Абы текІуадэр

- Мы Іуэхум теухуа дэфтэрхэр зэхуэхьесыным къаруушхэрэ зэманрэ ихьынущ. Абы хэлъыпхъэщ Іуэхущіапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я справкхэр, налог зэрыптемылъымкІэ, банк счётхэр, зи щІыхуэ птель банкхэм ехьэлІа тхыпТымПІэхэр. Мы законыр къыщыдэкІа япэ махуэм лэжьэн щІадзащ хуэфэщэн уасэкІэ, дэфтэрхэр пхуэзхуэзыхьесын фирмэхэр, - жеІэ адвокат Вербицкий Анатолий. - Дэ къызэрыдбжамкІэ, апхуэдэ юридическэ фирмэм зыпызыщІа щІыхум псори зэхэту пщІэуэ щІитын хуейщ сом мини 100-200. Абы хохьэ пошлинэхэмрэ уи Іуэхур зезыхуэным епТыну уасэмрэ.

Сауд Хьэрыпыр хэщІапІэ яхуохъу

● Іэпхъуэшапхъуэ

хэнэри ирагъэгуэт.

Апхуэдэ дыдэ Іуэхугъуэхэр щалэжь Иорданиемэ, Ливанми, Тыркуми, нэгъэщІ мусЪымэн къэралыгъуэхэми. Абыхэми зауэ щекІуэкІ щІыпІэхэр зыбгына ЦІыху минищэхэр зрашэлІащ.

ЕГОРОВЭ Аннэ, ДРОБОТОВ Алексей. *«Комсомольская правда»*

Ерыскъырэ компьютеркІэ къыдахьэх

Подмосковьем и библиотекэхэм тхыпІеджэжэм я мызакъуэу Іуэхуншэхэми эзэман щагъакІуэ щІыпІэу кІыхьахыну. ЩІыналъэм щэнхабзэмкІэ и министерствэм кІыкІипхъэ жэрдэмымкІ ипкъ иткІэ, тхыпІ хъумапІэхэм хэтынущ щІыхуэхэр щылэжьэну, зэныбжьыгъуэхэр щызэхуэтхэну компьютер тІысыпІэхэр. А псоми кІищынэмыщІауэ библиотекэхэм кІыщызэІуахынущ шхапІэхэр, псырэ ерыскъыхэкІэмрэ къозыт автоматхэр.

Мурадхэр фІыщ - абыкІэ зыри дауэкъым. Щэнхабзэмкіэ министерствэр хущІокъу библиотекэхэм къекІуапІэхэм я бжыгъэм хигъахъуэну. Абы къыдэкІуэу Іуэхущіапіэхэм я щхьэр зэрапІыжьын мыпЪку гуэри къахуэхкІынущ. Мыгурыуэгъуэр зыщ, сыт хуэдэ щІыкІэкІэ а мурадыр гъащІэм хэпща зэрыхъунур.

«Дэ къыхэтпъхьащ библиотекэхэм я лэжьэкІэм и мардэ хэжахэр. Псом япэу ахэр хуэунэтІащ тхыпІеджэжэм я тынШыпІэм, ахэр къыздэкІуэр хьэлэмэт ящыхъуныи», - жеІэ Мэзкуу областым щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Морковинэ Ингэ.

Дяпэкіэ библиотекэ къэс иІэн хуейщ хъыбарегъащІэ, гъуэгугъэлъагъуэ стендхэр, псырэ ерыскъыхэкІхэмрэ щащэ автоматхэр, еджапІэ пэшхэр, тхыпІхэр къыщыдэт, зэІущІэхэр щрагъэкІуэкІ, сабий пІанэпэхэр.

«Мы мардэхэр иджыри Мэзкуу областым ит библиотекэхэм яІэкъым, ауэ Іэмал имыІуэ икІащІыпІэкІэ ахэр яхэтпщынущ, - жеІэ Морковинэм. - Абыхэм щІэдгъэувэну ди мурадщ техникэ Іэмэпсымэхэр, компьютерхэр, сканерхэр, принтерхэр, къищынэмыщІауэ, къыпихыкІа пІанэпэм тхыпІеджэжэм псырэ ерыскъыпэ щагъуэтынущ. Абы и фІыгъэкІэ студентхэм, тхыпІеджэхэм, нэгъэущІхэми Іэмал яІэнущ я щІэныгъэ, еджэныгъэ Іуэхухэм къыпэрымыкІыну. Апхуэдэ щапхъэхэр нэгъуэщІ щІынальэхэм щыІэщ икІи щІэупщІэшхуэ яІэщ».

Аращи, библиотекэхэм щрагъэкІуэкІыну я мурад зэхъуэкІыныгъэр, къызэрыщІдзыжьымкІэ, еплъыкІэ зэхуэмыдэ зиІэ Іуэхугъуэщ. Абыхэм нэгъэсауэ, псалъэм папщІэ, Финляндием хуэдэу, щэнхабзэ центр къыхэщІыкІыным мыпЪкушхуэ текІуэдэнущ. Армыхъумэ, дэ дызыхуэкІуэнур интернетшхапІэ щытыкІэрщ. Абы, шэч хэмылъу, библиотекэхэм ижь-ижьыж льандэрэ яГуэта пщІэр кьригъэхуэхынущ.

Мэзкуу областым и унафэщІ-хэм иджыри зы мурад яІэщ - библиотекэхэм я лэжьыгъэр сыхьэт 20-21 пщІонэ ягъэІэпхъуэну.

«Библиотекэхэм я лэжьэкІэм дрипльати, язныкъуэр сыхьэт 18 хъуху фІэкІа лажьэркъым, щэбэтымрэ тхъэмахуэмри загъэпсэху», - жеІэ Морковинэм.

Кърахъэжьа Іуэхугъуэр къызыхахэр къэгурыІуэркъым. Сыт и мыхьэнэр пщыхьэщхьэм сыхьэтибгъу пщІонэ улэжьэным, сыхьэтитху нэужьым къыщыщІэдзауэ зы сыхьэ къыщыщІэмыхьэкІэ. Ялэрауэ, адэ-анэм пшапэ зэхэуэгъуэм я сабийхэр тхыпІыхьэ яутІыпщынукъым. Нэхъ тынш хъунущ узыхуэй тхыгъэр Интернетым къыщыбгъуэтыну. ЕтІуанэрауэ, уеблэмэ, балигъхэри лэжьапІэ нэужьым унэм екІуэлІажу унагъуэ Іуэхум къыдэхуэу библиотекэм зэман щагъэкІуэнырэ къахудэгъэкІынукъым.

КъищынэмыщІауэ, ипкъІэ зыми къыхэущІэнукъым интернетым пыщІа компьютерхэр зыщІэт пІанэпэхэм щызэхуэсыну цІыху лІэужьыгъуэхэр сыт хуэдэми, компьютерхэр сыт Іэмалкіэ къагъэсобэпынуми. А пІанэпэр Интернет джэгупІэ ящІмэ-щэ? Итіанэ ижь-ижьыж льандэрэ библиотекэм иІа пщІэр кІуэдынущ. Библиотекэм шокІакІуэ нэхъыбэ екІуалІэ хъунущ, ауэ телъхьэпІэхэм зыхуэй тхыпІыр къыщалъхьэуэну аракъым, атІэ компьютер джэгуэм хэпльэн мурадкІэщ. «Ауэ занщІэу апхуэдэ Іуэхухэр кьепхьэжьэ хъунукъым, - жеІэ Люберцы дэт «Бригантина» сабий библиотекэм и методикэ къудамэм и унафэщІ Федоровэ Наталье. - Компьютерхэр зыщІэтыну пошхэр щхьэхуэу къыхэсхьэкІын хуейщ. ПІанэпэм щІэс сабийхэм сытым дежи лэжьакІуэхэм языхэз ящхьэщы-тыпхъэщ. Дауэ библиотекэм и лэжьакІуэр сабийхэм зэракІэлъыплъынур? Адэ-анэхэм компьютерыр хуит къызыхуамыщІ цІыкІуэхэр джэгуну къекІуалІэмэ-щэ? «Мамэ, библиотекэм сокІуэ!» - жиІэнщ къуэм. «Ар сыт фІыгъуэ!» - егупсысынщ анэр. Ауэ а зэманыр тхьпІэ еджэным хухихьи мурад иІэу сабийр абы кІуэну фІэщщІыгъуейщ».

ФЕДОТОВ Константин. *«Труд»*

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирщ.

● Шэшэн

Хабзэм тригъэкІыркъым

Шэшэным и унафэщІхэм хьэгъуэлІыгъуэр зерекІуэкІын хуей щыкІэм и мардэхэр зэхагъэуващ. Ахэр зэрагъэзащІэрэ кІэлъыплъыну я пщэ къыдэхуащ гуфІэгъуэм и къызэгъэпэщакІуэхэм, ар унагъуэ пщІантІэ е ресторан ирехъу.

ПАУБЫДАХЭМ ящыщщ нысащІэр къэгъэфэнри. Къафэхэм яку зэхуакъу дэлъын хуейщ метр мынэхъ мащІэ зэхуакъу, цІыкубзыр утыкум икІыжьынумэ къапэуэ хъунукъым. Къемыззгъэхэм хабжащ щауэмрэ нысащІэмрэ яупщІатэ хьэгъуэлІыгъуэ тортри.

ГуфІэгъуэм и тхьэмадэр хабзэм и мардэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъын хуейщ. ХьэщІэжэр мыдаІуэмэ е губжьауэ защІмэ, полицэр къраджапхъэщ. КъищынэмыщІауэ, Шэшэн Республикэм и Іэтащхьэм тыкузнэхэр къыхуриджащ зи бгъэр къиха цІыхубз хьэгъуэлІыгъуэ фащэхэр ямыщІну. Абы зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ европей щыгъынхэмрэ я лъэпкъ хабзэмрэ зззэгъынукъым.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, 2012 гъэм Кадыровым япиубыдауэ щытащ хьэгъуэлІыгъуэхэм фадэ щызэрахьэнымрэ фоч щыгъуэнымрэ.

ИТАР-ТАСС.

● ЩІэщхъу

Натхъуэм фэбжьышхуэ егъуэт

Мэзкуу и ЦСКА-м и гъуащхьэхъумэныкъуэ Натхъуэ Бибарс премьерлигэм и 11-нэ джэгуегъуэм фэбжь хьэлъэ щигъуэтащ. Дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, «Динамо»-м и футболист Зобниным зэрыгъэщІэжьэхуэм Бибарс и щхьэм удын ин игъуэтащ и Іупэм зэгуэудащ.

- ЩІалэхэр зэжьэхуэауэ Натхъуэр щыджалэм сэ къыхэгурыІуат абы фэбжь хьэлъэ зэригъэзгъэ. Удзым щыхьэхуэм абы и нэхэр щынкІыфІыкІакІэт, - жеІэ ЦСКА-м и дохутыр Керимов Шагабутдин.

ЩІалэм адэкІэ джагуэ зы дакъикъи пебгъащэ хъунущ. Ауэ ар ящІыжьынкъым. Сыхьэтым нэблагъэкІэ дохутырхэр зэІэза гъуащхьэхъумэныкъуэр япэу зыщІэупщІар зэІущІэр зэрихуа бжьыгэращ икІи щыгуфІыкІащ и командэр 2:0-у зэрытекІуам.

Натхъуэ Бибарс махуэ зыбжанэкІэ сымаджэщым къыщІанащ, дохутырхэм я нэІэ тетын папщІэ. Абы зэхъэзхъуэм щыщІидзэжынур зэкІэ ящІэрыкъым.

ЦСКА-м и мызакъуэу гъуащхьэхъумэныкъуэм хуабжьу хуэныкъуэнущ абы фІы дыдэу зыкъыщигъэпъэгъуэ Израильм и команд зыкъэхэри. Мыгувэу журтхэм кьапэщылъщ Европэм и чемпионатым и кІэух зэпеуэм хэхуэныкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ зэІущІэхэр.

«Спорт-Экспресс».

Пасэрей ахъшэхэм я музей

Мэзкуу дэт Зиновьевхэ-Юсуповхэ я унэм дыгъуасэ къыщыщІэІуахащ Нумизматикэм и музей. Абы къыщыгъэлъэгъуащ илъэс 14-м къриубыдэу хамэ къэралхэмрэ Урысей Федерацэмрэ щызэхуахьэса гъущІ ахъшэ зэмылІэужьыгъуэу минищым щІигъу.

ИДЖЫРЕЙ гъэлъэгъуэныгъэм къызэщІеубыдэ Урысей пащтыхыгъуэм, СССР-м, Пасэрей Алырдж, Урым, Византие империехэм щызекІуэу щыта ахъшэхэр. Зэман пыухыкІакІэ музейм щІэлъынущ щхьэзакъуэ коллекцэм хэтхэри.

Зэхуэхьесыным дихьэххэм папщІэ дяпэкІэ музейм лекцэхэр щекІуэкІынущ, нумизматхэм я клуб къыщыщІэгъэпэщынущ.

«Интерфакс» хъыбарегъащІэ агентствэ.

Шнобель и саугъэтхэр зылъысахэр

● Хьэлэмэтщ

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыІэ Гарвард университетым иджы 25-нэу Шнобель и саугъэтхэр щатащ. Ар хуагъэфащэ нэхъ дыхьэшхэн дыдэу къалъыта къэхутэныгъэхэр езыгъэкІуэкІа щІэныгъэлІхэм.

ГАРВАРД университетым и «Сандерс» театрым сыт щыгъуи хуэдэу щІыху куэд къыщыщІэхуэсат. Абы щратынут дунейпсо мыхьэнэ зиІэ лэжьыгъэ зэфІэзыгъэкІа щІыхушхуэхэм ират Нобель и саугъэтым пэщІагъэуэз Шнобель и саугъэтыр. Ар мы гъэми хуагъэфэщащ япэ щыкІэ зи ІуэхущІафэхэр ауану ирахьэжьэ, иужькІэ щІыхуэхэр зыгъэгупсысэ къэхутэныгъэ езыгъэкІуэкІауэ къалъытэжи.

Къапщтэмэ, химиемкІэ саугъэт нэхъыщхьэр ираташ джэдыкІэ гъэвар щІынэ зэращІыж Іэмалыр утыку къызижьа щІэныгъэлІхэм. Биологхэм къахэжаныкІащ джэдхэм кІапэ пызыгъэувэу динозавр теплъэ езытахэм. «А» междометие зэІыхьлыхэр бзэ куэдым зы мыхьэнэ иІэу къызэрыщагъэсэбэпри къэзыхутахэм литературэмкІэ саугъэтыр ялысащ.

Шнобель и саугъэтыр хуагъэфэщащ физикэм, математикэм, медицинэм, психологием, менеджментым, нэгъэущІ унэтІныгъэхэми нобэкІэ гъащІэм зы мыхьэнэ имыІэу къалъита къэхутэныгъэхэр щезыгъэкІуэкІахэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми Зимбабвэм и доллар триллиони 10 ираташ. Апхуэдэ ахъшэхэр 2009 гъэ льандэрэ зекІуэжыркъым.

ПЯТНИЦКАЯ Сашэ. *«Московский комсомолец»*

● Библиотекэ

● ЗекІуэ

Іуащхьэмахуэ и щыгуми щодыгъуэ

Псоми ирагъэзащІэгъуэн мурадкІэ Европэм и щыгу нэхъ льагэ дыдэм драхьея килограмм 75-рэ зи хьэлъагъ штангэр иджыблагъэ ядыгъуащ.

ЩЫЛЪУ хьэлъэ къэІэтыным (пауэрлифтингым) дихьэх Родичев Андрей щыпсэу Мурманск къалэм нэс иришри, килограмм 75-рэ зи хьэлъагъ штангэр Іуащхьэмахуэ и щыгум бэлъхьышхуэ теЛу дрихьеящ. ЩхьэусыгъуитІым къыхэкІыу ар абы къыщІэнащ. Ялэрауэ, апхуэдизэ хьэлъагъыр къызэрырихьэхьжьын къару иІэжэтэкъым. ЕтІуанэрауэ, мурад ищІащ цІыхум сытри зэрыхуэзфІэкІынум и фэеплъу ар Европэм и щыгу нэхъ льагэ дыдэм щигъэувыну.

Мазэ ипэкІэ Іуащхьэмахуэ трагъэува фэеплъыр зэрыщытар зы тхьэмахуэкІэщ. Интернетым из хъуащ зи цІэр зыбзыщІщІалэм ар щыгум къызэрырихьэхьжьам теухуа хьыбарэмрэ сурэтхэмрэ. Апхуэдэу абы щІищІар гурыІуэгъуэкъым. Куэдым зэрыхуагъэфащэмкІэ, штангэр доллар минрэ щитхукІэ пхуэщэжьнущ.

- Дыгъуэ къалъхьэуэну полицэм зыхуэзгъэзэну сыхуейщ, - жиІащ Іуащхьэмахуэ хьэлъэр дэзыхьеящ. - Европэм и Іуащхьэ нэхъ льагэ дыдэм и щыгум щызгъэува штангэр си мыпЪку, фІыуэ слъагъу щІыхуэм тыгъэ къысхуащІауэ. Ар зыІэригъэхьэн мурадкІэ дыгъур абы дэкІуеящ икІи щІыпІэм зэрыщызгъэбыда Іункіыбзэр икъутэри, кърихьэхащ. Пауэрлифтингым папщІэ штангэ щхьэхуэ ухуейщ. Ар сом мелуан нкІыгъэм нэблагъэ и уасэщ.

ЕГОРОВЭ Аннэ, ДРОБОТОВ Алексей. *«Комсомольская правда»*

● Пшынальэ

Адыгэбзэр зи гупсэхэр

Хьэтlохъущокъуэ Къазий и цlэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм илъэс къэс егъэлъапlэ адыгэбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэхэр. Бзэр хъумэным, ди лъэпкъ хабзэхэр щlэблэм егъэщlэнымкlэ лэжьыгъэшхэр кърахьэлlэ ди егъэджакlуэ гумызагъэхэм. Анэм и ужькlэ быныр бзэм, хабзэм хуэзыгъасэр адыгэбзэр езыгъэджэхэращи, абыхэм кьалэн тlуащlэщащlэ я пщэм кьыдохуэ.

ПШЫХЬЫМ зыкъорагъэхьэлlащ министерствэхэм, департаментхэм я лэжьакlуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщlхэм, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей республикэхэм къикlа хьэщlэхэм, кьалэ, къуажэ школхэм щезыгъаджэхэм.

Зэлущlэр кьызэlуихащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэ Іуэхухэмкlэ и министерствэм и лыкlуэ Кlэхlэ Іэминат.

- КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэ Іуэхухэмкlэ и министерствэм кьыбгъэдэкlыу сынывохъуэхъу фи махуэ лъапlэмкlэ. Гукъыдэжрэ узыншагъэрэ фиlэу, фи лэжьыгъэм фи къарур пэлъэщу илъэс куэдкlэ фи lэнатlэм Тхьэм фыпэригъэт. Ди министерствэри фэ егъэджакlуэхэри дызытелажьэр сабийхэращи, щlэблэ узыншэрэ акъылыфlэрэ куэду Тхьэм кьыдит. Дыфщогугъ лъэпкъыр зэрыгушхуэн ныбжьыщlэ куэд тхузвгъэсэну.

КъБР-м егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэ Іуэхухэмкlэ и министр Емуз Нинэ кьыбгъэдэкlыу щытхъу тхьилъхэр иратащ адыгэбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэхэу Мэрзей Зоерэ (Урыхъ кьуажэ дэт курыт еджапlэ №92) Шьбзыхъуэ Анжелэрэ (Хьэтlохъущыкъуей кьуажэм дэт курыт еджапlэ №3).

Зэлущlэм егъэджакlуэхэр игъэлъапlэну зыкъригъэхьэлlащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министрым и кьуэдзэ, Ткаченкэ Андрей и цlэр зезыхьэ Гъуазджэхэмкlэ музейм и унафэщl Ащхъуэт Ритэ. Абы республикэм щэнхабзэмкlэ и министр Кьумахуэ Мухьадин кьигъэха хьуэхъу псалъэхэмкlэ кьызэхуэсахэм захуигъэзащ икlи жиlащ зи бзэр, зи лъэпкъыр фlыуэ зыпlэагъу ныбжьыщlэ куэд адыгэм кьыхэкlыным теухуауэ адыгэбзэр езыгъэджэхэм кьалэнышхуэ я пщэ кьызэрыдэхуэр.

Гуапэ лей ящыхъуахэм ящыщу Истамбыл и зы хьэблэм щыlэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Алъэсчыр Жанберд кьигъэхьа тхыгъэри. Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкlэ Кьэбэрдей-Балъкъэр институтым и щlэныгъэ лэжьакlуэ, зэдзэкlакlуэ Хъуажь Фахьри а саугъэтыр иритыжащ Тэрч кьала дэт курыт еджапlэ №92-м и егъэджакlуэ Темрокъуе Ларисэ. Мыбдеж кьыхэгъэщыпхъэщ Къайсэр Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Мамхэгъ Мутлурэ Сиуаз Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Пщыкl Ибрэхьимрэ егъэджакlуэхэм яхуэгъэза псалъэ гуапэхэр видео тепльэгъуэу кьызэрыдгъэхьари.

Хьэтlохъущокъуэ Къазий и цlэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм кьыбгъэдэкlыу фlыщlэ гуапэ тхьилъхэр хуагъэфэщащ егъэджакlуэхэу Арахъэ Валентинэ (Арщыдан), Кьардэн Олесэ (Шэджэм), Гъурыжь Заремэ (Кьармэхьэблэ), Темрокъуэ Ларисэ (Тэрч кьалэ), Шыд Фатlимэ (Псыгуэнсу), Гъуэт Іминат (Краснодар край, Кургъуокъуей), Тхьэмадокъуэ Зерэ (Дыгулыбгъуей), Кьаскъул Лейла (Зеикьуэ), Суйдым Тамарэ (Арщыдан), КъБКъУ-м и егъэджакlуэ Бозий Наимэ, Кьармэхьэблэ кьуажэм дэт еджапlэхэм ящыщ зым и унафэщl Аслъэн Майе сымэ.

Нэхъ хэлэтыкlуэ и цlэ кьраlуащ икlи Адыгэбзэ Хасэм и фlыщlэ тхылъ иратащ филологие щlэныгъэхэм я доктор, профессор Хьэкlуащэ Андрей, лъэпкъ зыужьыныгъэм хуищlа хэлъхьэныгъэ иным папщlэ.

Хьэтlохъущокъуэ Къазий и цlэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм гулыытэшхуэ яхуищlащ ди къуэш республикэм и егъэджакlуэхэмэ. Абыхэм ящыщу Черкесск кьалэм дэт курыт еджапlэ №6-м адыгэбзэмрэ литературэмкlэ щезыгъаджэ Щlуэ Марьянэрэ КъШР-м Егъэджакlуэхэм я Іэщlагъэм щыхэгъахьуэ институтым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ, абазэбзэмрэ литературэмкlэ и кафедрэм и доцент Къантемыр Баблюцэрэ.

Баблюцэ хуагъэфэща фlыщlэ тхылъыр Іэригъэхьэжьну пщэрылъ хуащlащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Хьэбэз кьуажэм дэт курыт школым адыгэбзэр щезыгъэдж Шэрджэс Расьят.

- Цыхър дунейм кьыщыгтехьэкlэ, псэ хелъхьэ, псэ щыхилъхьэкlэ гу ирет, гу щирткlэ мэхъуапсэ, щыхъуапсэкlэ гурылъыр егъэпщкlу, - жиlащ кьыщыпсалъэм Расьят. - Тхьэм мыбы щlэсу хьуам дгъэпщкlу ди гурылъыр ди адыгэбзэрауэ кьыщыгтъкl. Дыщыпсэу хэкум мамырыгъэ илъу, ди хабзэр екlуу зетхьэу, дыкъызыхэкlа лъэпкъыр зытlэтыфын ныбжьыщlэхэр диЗу, дефlакlуэ зэпыту дыпсэуну сынывохъуэхъу.

Кургъуокъуей кьуажэ администрацэм и унафэщlым и кьуэдзэ Гъусэ Светэ зыкъригъэхьэлlащ зэхьихьэм.

- Ди гуапэ хьуащ мы зэлущlэм дыкъыхэзгъэзгъэлъагъэр, - жиlащ Светэ. - Мыбы и пэкlэ апхуэдэ гулъытэ зэи кьытхуащlакъым. Ди кьуажэр Хэку зауэшхуэм щыгъуэ нэмыщlхэм ямыгъуэту блэкlауэ ягъэхъыбарыж. Ауэ фэ дыкъэвгъуэтащ, дигухэр зэрыщlащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Успенскэ районым адыгэбзэр тхьэмахуэм зы сыхьэтщ еджапlэхэм зэрыщаджыр. Ауэ бзэр зэзыгъэщlэну хуейхэр мащlэкъыми, абы дрогуфlэ.

«Республикэр ди зэхуэдэ унэщ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и хасащхьэм хэт Хьэкlуащэ Хьэжмурат Краснодар крайм кьикlахэм яритащ еджапlэм адыгэбзэкlэ зэрыщрагъэджэну тхылъхэр.

Егъэджакlуэхэр ягъэлъапlэну гупыж ящlащ Сабийхэмрэ ныбжьыщlэхэмрэ я зэфlэкlым щыхъагъахъуэ кьалэ центрым и унафэщl Бицу Светланэ, адыгэ тхылъхэхэм псэщlэ хэзыльхьа, сурэтыщl, дизайнер Кьарэмырзэ Фариэт, жылагъуэ лэжьакlуэ, тхакlуэ Мэкъуауэ Амир, Сэралъп Мадинэ и «Арт-Центрым» и администратор Машэжь Ланэ, «Жан» зэгухьэныгъэм хэт Шыбзыхъуэ Астемыр, КъБР-м и адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм я лэжьыгъэр зэзыгъэлъу Советым и хэсащхьэм хэт Шэшэн МуІэед сымэ.

- Сэ кьызэрысщыхъумкlэ, адыгэбзэм и псэр зэрылъ чысэр ар езыгъэджэхэм яІэщlэлъщ, - жиlащ кьыщыпсалъэм Шэшэн МуІэед. - Нэхъыбэу адыгэбзэмкlэ езыгъэджэр цыхубзхэрщ. Цыхубзым Іэщlэлъ чысэр фlырыфlкlэ кьыпхуlэщlэгъэкlынкъым. Абы гугъэ уегъэщlа и чысэр ди жагъуэгъэхэм Іэрамыгъэхьэну. Итlанэ ди бзэмрэ ди лъэпкъымрэ гъащlэ кlыхь зэриlэнум шэч хэлъкъым.

Егъэджакlуэхэм я махуэм зыкъорагъэхьэлlащ пшынауэ Іэзэ, уэрэдыдз, макъамэхтэ цlэрыlуэ Лосэн Тимур и унагъуэм. Абы и щlалэ Астемыр цыкlу а махуэм ятпэ цыхухэм кьыхахьауэ арат. Лосэнэр кьыщыпсалъэм жиlащ Адыгэбзэ Хасэм, Егъэджакlуэхэм я махуэм ирихьэлlэу сабийм и ятпэ кьыщэдкlыгъэр зэрыхуагъэзар, лъэпкъым хуэфащэу, кьэхъунымкlэ нэщэнэфlу кьалъытэу. Тимур егъэджакlуэхэм яхуэуащ нэхъапэкlэ утыку кьэримыхьа кьафэщlэ.

Гупытэ хэха зыхуащlахэм ящыщщ Кьайсэр дэт кьэрал курыт еджапlэхэм адыгэбзэмкlэ щезыгъаджэхэу Нэгъуей Дижан, КІуэкlуэ Исхьэкъ, Пщыхьащlэ Кемал, Жыгкlыкъ Іэдэм, Тхьэкъуахъуэ Гукъан, Тамбий Зардар, Бэрэгъуэ Эрдин, Пащlэшхуэ Туран сымэ. Адыгэбзэ Хасэм кьыбгъэдэкlыу абыхэм Іэрагъэхьэжьнущ фlыщlэ тхылъхэр.

Зэхьихьэм хэтахэр дакъикъэкlэ хуэщlыгъуащ Тыркумрэ Сириемрэ я гъунапкъэм кьыщагъэуа лагъымым зи гъащlэр ихьа Лышэ Нартан. Абы и гъусащ и анэри. Адыгэгу зыкlуэщlыльщ щlалэт Нартан, кьызыхэкlа лъэпкъым хуэпэж щlыкlуэ зэпІэзэрытт. Ухуакlуэу щlэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтауэ и зэкъум кьэкlуэжьи мурад иІэт. Нарткъалэ деж абы кьыщэхуну кьыхихат зыщlипсэун щlапlи. Ауэ ар зыщlэхъуэпсым хунэсакъым. Зыхуеину хущхъуэ, хьэпшыпхэр зэрагъэуІури щlалэгъуалэ гуп ежьащ Сирием щыпсэуди лъэпкъэгъу адыгэхэм ядэІэпыкъун мурад яІэу. Іуэху дахэ ялэжьыну хунэмысу щlалэхэр щlэпхьаджащlэхэм я пщlэкlуэдащ.

Адэжь лащащ зэІуущlэм.

- Адыгэбзэм КъалэкlыхьыМ уфlихьынукъым, жаІэу зэхэзыха си анэшхуэр зы махуэ гуэрым Іуэху иІэу дзкlащ, КъалэкlыхьыМ нэхъ жьжьи кlуэну, - игу кьегъэкlыж Хьэтохъущокъуэ Къазий и цlэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и унафэщl Табыщ Мурат. - Абы щыІуущ Мэздэгу къикlа адыгэхэм икlи уэрэзэрыжу адыгэбзэкlэ зэпсалъэу щызэхихым игъэщlэгъуащ: «Уарэ, мыбыи адыгэбзэ щоІури, КъалэкlыхьыМ уфlимыхьыну жаІа пэтми». Ар щlыжьісІэращи, дэ ди къалэныр ар кьызэтедгъэнэн кьудейракъым, атlэ бзэр лъэ быдэкlэ дгъэувыныщ, абы епха гуныкъуэгъуэхэр дгъэмэщlэныщ. Абы и лъэныкъуэкlэ дэ куэдкlэ дащогугъ адыгэбзэмрэ литературэмкlэ езыгъаджэхэм.

Егъэджакlуэхэр ягъэлъапlэну зыкърагъэхьэлlащ ди артист пажэхэми: «Кабардинка» кьарал академическэ ансамблым, КъШР-м и «Ашэмэз» кьэфакlуэ гупым (гъэсакlуэр Уэзрокъуэ Зурабщ), Хьэкъул Оксанэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Багъ Любэ, Тхьэзэплъ Залинэ, Лосэн Тимур, Уэзрокъуэ Чэрим, Шэджэм Светланэ, КьуэдзокъуэИслъам, Нэсрэн Чылар, Бэч Азэмэт, Цокlыл Азэмэт сымэ.

Зэлущlэр кьызэгъэпэщыным я гуащlэрэ я къарурэ халъхьащ Адыгэбзэ Хасэм и хэсащхьэм щыщу Табыщ Мурат, Кьыпл Гупсэ, Багъ Мэрям, Хьэцlыкlу Рае сымэ. Пшыхьыр дахэу икlи гукъинэжу ирагъэкlуэкlащ Табыщ Муратрэ телевиденэм и лэжьакlуэ Мыз Залинэрэ.

Хьэтlохъущокъуэ Къазий и цlэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм хэтхэм фlыщlэ хуащlащ кърахьэжьа Іуэхур кьадэзыІыгъа псоми.

ШУРДЫМ Роза.

Сурэтхэр тезыхар **Хьэцlыкlу Іэминэщ.**

Дунейпсо кубокыр къапоплъэ

Мы махуэхэм Мэзкуу щекlуэкlащ мас-рестлингымкlэ Урысейм и чемпионат. Кьэбэрдей-Балъкъэрым кьыбгъэдэкlыу абы щы1ащ щlалэ щыкlуихрэ хьыджэбз щыкlуитlРэ. Ди республикэм и лыкlуэхэм яхэтащ спортсмен лъэщхэр, уеблэмэ, дунейпсо классымкlэ спортым и мастер.

МАС-РЕСТЛИНГЫР Къабэрдей-Балъкъэрым кьыщежьэ кьудейщ икlи ди спортсменхэм я дежкlэ ар етlуанэ зэхьэзэхуэу арат. Апхуэдэу щыт пэтми, налшыкдэсхэм я зыкъэгъэлъэгъуэкlам мас-рестлингым и профессионалхэм я деж гулъытэшхуэ щигъуэтащ. Ди республикэм и лыкlуэхэм ящыщу 3-р зэхьэзэхуэм и финал ныкъуэм нэсащ, арщхьэкlэ я къэрхуэрэгъуэхр кьефэкlэкlащ.

Килограмм 60 зи хьэлъагъэм я гупым хэта МысоостышхуэИслъам жэз медалыр хьылъысащ. И япэ чемпионатым ехьулlэныгъэфlи щыхэригъэгъуэтащ Кьуэщlысокъуэ Кристинэ. Абы етlуанэ уВыпlэр кьихьащ икlи мас-рестлингымкlэ къэралым и командэ кьыхэхам ираджащ.

Гъубж БетIал, Бесльэней Альберт, Токаревэ Наталья сымэ зи гъэсакlуэ спортсменхэм иджы кьапэщылъщ мас-рестлингымкlэ Дунейпсо кубокыр къхьыным ехьэлlа зэхьэзэхуэм зыхуагъэхьэзырыну. Къэрал плlыщlым къикlахэр хьыдэкlуэлlэну зэхьэзэхуэр щэкlуэгъуэм Мэзкуу щызэхэтынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Зы лъэбакъуэ ячыжмэ

● Футбол

КъБР-м футболымкlэ 2015 гъэм и чемпионатыр икlэм нэблэгъащ - къэнэжар джэгугъуищ къудейщ. Ар иуныным иджыри тхьэмахуитlи иІэжу дыщэ медалхэр зылъысар наІуэ хъуфынущ. Абы щхьэкlэ щэбэт къакlуэ «Къэхъуныр» Псыгуэнсу щытекlуэн е «Автозапчасть»-м Псынэдахэ хэщlыныгъэ щигъуэтын хуейщ.

БЛЭКlА тхьэмахуэм и кlэухым пашэхэм я очко бжыгъэм щырыщ хагъэхъуащ. Нэгъабэ республикэм щынэхъ лъэщ дыдэ хьуа «Кэнжэр» къэхъундэхэм бжыгъэшхуэкlэ хагъэщlащ икlи а махуэм чемпионыгъэр абыхэм зэІэпахауэ жыпlэ хъунущ.

«Автозапчасть»-р Тэрч кьалэм щытекlуащ. Арщхьэкlэ абы мыхьэнэшхуэ иІэжу кьыщlэкlынукъым.

Турнир таблицэм и кlэух увыпlэхэм бэнэныгъэр нэхъ гуащlэж щыхъуащ. Зыри хуейкъым гуп нэхъыщхьэр ирагъэбгынэну. Абы щыгъуэми Шэджэм куейм и командитlри лейхэм яхьыхьэфынущ - ахэр аргуэру бжыгъэшхуэкlэ кьыхагъэщlащ. Ещанэ хъунур иджыпстукlэ жыІэгъуейщ. Ар я натlэ хъуну пэгъунэгъу дыдэщ. «Бедик»-р, «Спартак-Д»-р, «Къэбэрдей»-р, «Родник»-р. Абыхэм я гъунэгъу адрейхэми зэкlэ псэхупlэ яІэкъым.

Иужьу «Кэнжэм» драгъэкlуэкlа зэІуущlэм топитху щыдигъэкlри, гуащlэкъуэхэм я зэпеуэм и бжьыпэр щигъэбыдащ «Къэхъуным» и пашэ Шащlэ Беслъэн. Псори зэхэту мы гъэм ар 67-рэ (!) кьыхэжаныкlащ. Абы кьыхэпыкlуэ Хьэбылэ Алими хуабжьу жыджэрщ. «Автозапчасть» и гуащlэкъуэм мыгъэрей зэхьэзэхуэм топ 62-рэ щыдигъэкlащ. Ахэр уэрэзыгуэхэн, Кьэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым и пщlэр къэзыІэт Іуэхугъуэхэщ.

Щыгъуазэ фыхуэтщlынщ Кьэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гуп нэхъыщхьэм хэт командэхэм иужьу ирагъэкlуэкlа джэгугъуэм кьрикlуа бжыгъэхэм: «**Союз**» (Налшык) - «**Штауч**» (Шэджэм) - **6:0**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - **1:0**, «**Велес**» (Къэрэгъэш) -«**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **3:1**, «**Къэхъун**» (Къэхъун)- «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **6:0**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **2:3**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **3:0**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Къэбэрдей**» (Шэрэдж Ищхьэрэ) - **6:2**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **1:3**.

Ныбжьыщlэхэм я зэхьэзэхуэм Іуэхухэр зэрыщытащ. Нарткъалэ и «Нартыр» зэкlэ очкоихкlэ япэ итщ зы джэгугъуэкlэ нэхъ мащlэ езыгъэкlуэкlа Шэджэм и «Щтаучым». Мыбы нэхъ лъэщыр щызэхэкlынур зэпеуэм и кlэух махуэрауэ кьыщlэкlынущ.

Гуащlэкъуэ щlалэщlэхэм я зэпеуэм «Нартым» и пашэ Хъураныр япэ щиущащ. Ижьырей джэгугъуэм топиплI щыдигъэкlри мы гъэм ар кьыІэзрыхэжаныкlам и бжыгъэр 48-м нигъэсащ. «Автозапчасть»-м и гуащlэкъуэ Кьэнэмэтыр абы кьызэрыкlэрыхур зы топ закъуащ.

ХЬЭТАУИслъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекlуэкlыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Къэхъун»	27	24	3	0	116-19	75
2.	«Автозапчасть»	27	22	3	2	114-33	69
3.	«ЛогоВАЗ»	27	18	4	5	99-45	58
4.	«Союз»	27	15	2	10	74-47	47
5.	«Тэрч»	27	13	1	13	62-71	40
6.	«Кэнжэ»	27	11	3	13	57-72	36
7.	«Бахъсэн»	27	11	2	14	43-68	35
8.	«Нарт»	27	10	3	14	66-69	33
9.	«Велес»	27	10	2	15	59-101	32
10.	«Псыгуэнсу»	27	10	2	15	44-61	32
11.	«Родник»	27	10	1	16	63-92	31
12.	«Къэбэрдей»	27	8	7	12	54-70	31
13.	«Бедик»	27	9	3	15	43-55	30
14.	«Спартак-Д»	27	9	1	17	53-61	28
15.	«Щтауч»	27	7	4	16	48-88	25
16.	«Шэджэм-2»	27	7	3	17	42-84	24

Ди газетым и къыкlэлъыкlуэ номерыр къыщыдэкlынур жэпуэгъуэм и 10-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замир, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



Кьыдэзыгъэкlэзмэрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор изхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; зыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщlэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епlыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Іуэхущlапlэм №Н-0065-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Нэщlэпыджэ Замирэ, корректорхэу ЕлмэсФатIимэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Азэмэт *(1, 2-нэ нап.)*. *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ* Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбэхъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Къарей Элинэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1687